

**Mathematics: Applications and Concepts**  
**Course 3**

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Abscissa	Absis	142	9	Pwemye nonm nan koup ki reprezante yon nan sitèm katezyen
Absolute value	Valè absoli	19	1	Distans ant zewo epi yon nonm sou dwat nimerik la
Acute angle	Ang egi	256	6	Yon ang ki mezire ant $0^\circ$ epi $90^\circ$
Acute triangle	Triyang egi	263	6	Yon triyang ki genyen twa ang egi.
Addition property of equality	Pwopriyete adisyon nan ekwasyon	46	1	Si nou ajoute yon menm nonm nan de manm yon ekwasyon, de manm yo rete egal
Additive inverse	Eleman opoze pou adisyon	25	1	De antye relatif opoze rele eleman envès pou adisyon. Sòm yon nonm ak opoze li se zewo
Adjacent angle	Ang adjasan	256	6	Ang ki genyen menm somè; genyen yon menm kote menm yon pa mont sou lòt
Algebraic expression	Ekpresyon aljebrik	11	1	Yon konbinezon varyab ak nonm epi omwen yon operasyon
Altitude	Wotè	314	7	Yon segman ki pèpandikilèbaz yon figi epi ki genyen yon ekstremitè sou baz la epi lòt ekstremitè sou somè ki opoze baz la.
Angle of rotation	Ang rotasyon	287	6	Mezi ang yo fè yon figi tounen
Arithmetic sequence	Seri aritmetik	512	11	Seri kote diferans ant de tèm dopoudo se yon kostant
Bar notation	Notasyon decimal repete	63	2	Nan yon nonm decimal ki genyen yon devlopman periodic mete yon ba osnonyon liy anle pati kap repete a. Yon lòt jan pou ekri $2.636363$ se $2.\overline{63}$

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Base	Baz	98	2	Nan pwisans, nonm ki sèvi tankou baz. Nan $10^3$ , baz la se 10 ; sètadi $10^3 = 10 \times 10 \times 10$
Base	Baz	216	5	Nan yon pousantaj pwopòsyon, nonm yo konpare avèk pousantaj la
Base	Baz	314	7	Baz yon paralelogram osnon yon triyang se nempòt ki kote figi a. Baz nan yon trapèz se de kote paralèl yo.
Base	Baz	331	7	Baz nan yon prism se de fas ki paralèl epi genyen menm sifas
Best fit line	Pi bon liy regresyon	540	11	Yon liy kit pi pre majorite pwèn ki reprezante done yo nan yon diagram dispèsyon
Biased sample	Echantiyon byeze	407	8	Yon echantiyon ki chwazi pou favorize yon osnon plizyè pati nan yon popilasyon.
Boundary	Lizyè	548	11	Liy ki separe ansanm pwèn ki solisyon ak pwèn ki pa solisyon sou grafik yon inegalite.
Box-and-wisker plot	Diagram bwat ak tij	446	9	Yon dyagram ki itilize medyann la, pi gran katil la, pi piti katil, epi valè ekstrèm yo pou rezime yon ansanm done. Li genyen yon bwat otou valè katil yo epi genyen tij ki ale depi bwat yo jiska valè ekstrèm yo
Center	Sant	319	7	Pwèn ki ekidistan tout pwèn sou yon sèk
Center of rotation	Sant rotasyon	300	6	Pwèn fiks yo itilize pouf è yon figi vire nan yon rotasyon
Circle	Sèk	319	7	Ansanm tout pwèn yon plan ki ekidistan yon pwèn ki rele sant
Circle graph	Grafik sikilè	426	9	Yon grafik ki itilize nan estatistik pou konpare diferan pati yon ansanm. è la reprezante ansanm la
Circumference	Sikonferans	319	7	Distans otou yon sèk
Coefficient	Koyefisyan	470	10	Faktè nimrerik yon tèm ki genyen yon varyab
Column	Kolòn	454	9	Ranjman vètikal nonm yon anlè lòt
Combination	Konbinezon	388	8	Ranjman osnon yon lis nonm kote lòd pa genyen enpòtans

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Common difference	Rezon	512	11	Diferans ant de tèm konsekitif nan yon seri aritmetik
Common ration	Rezon	513	11	Kosyan ant de tèm konsekitif nan yon seri jewometrik
Compatible numbers	Nonm konpatib	228	5	De nonm ki fasil pou divize mantalman
Complementary angles	Ang konplemantè	256	6	De angkonplemantè lè sòm mezi yoegal $90^\circ$
Complementary events	Evènman konplemantè	377	8	De evènman tèlke yon osnon lòt fèt pou rive men ki pa kapab rive ansanm
Complex figure	Figi konplèks	326	7	Yon figi ki fèt avèk de osnon plizyè fòm
Complex solid	Solid konplèks	337	7	Yon bagay ki fèt avèk plis pase yon sòt solid
Compound event	Evènman konpoze	399	8	Yon evènman ki se konpozisyon de osnon plizyè evènman senp
Cone	Kone	343	7	Afigi tridimansyonèl ki genyen yon baz sikilè, yon sifas awondi konekte baz la avèk somè a
Congruent	Egal	179	4	Ki genyen menm mezi
Congruent polygon	Poligòn sipèpozab	279	6	Poligon ki genyen menm fòm epi menm mezi
Conjecture	Konjekti	7	1	Yon sipozisyon baze sou eksperyans
Constant	Konstant	470	10	Tèm ki pa genyen varyab
Convenience sample	Echantiyon konvenyan	407	8	Yon echantiyon ki genyen eleman ki fasilman aksesib nan yon popilasyon
Converse	Resipwòk	134	3	Resipwòk teyorem pitagòk a sèvi pou teste si yon triyang se yon triyang rektang. Si kote triyang la mezire $a, b, c$ , epi $c^2 = a^2 + b^2$ ; alò triyang la se yon triyang rektang
Coordinate	Koòdone	18	1	Nonm ki asosye avèk yon pwen sou yon dwat nimerik
Coordinate plane	Plan koòdone	142	3	Plan kote yon dwat nimerik orizontal epi yon dwat nimerik vètikal rankontre nan orijin yo

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Corresponding parts	Pati omològ	178	4	Pati nan figi sipèpozab ki egal
Counterexample	Kontrekzanp	13	1	Yon ekzanp ki montre yon konjekti pa vre
Cross products	Pwodwi kwaze	170	4	Pwodwi tèm ki sou dyagonal yo lè nap konpare de rapò. Si de pwodwi kwaze yo egal, alò rapò yo fòme yon pwopòsyon. Nan pwopòsyon $\frac{2}{3} = \frac{8}{12}$ , Pwodwi kwaze yo se $2 \times 12$ epi $3 \times 3$
Cylinder	Silend	336	7	Yon solid kote de baz yo se de sèk ki genyen menm sifas. Yon sifas awondi konekte de baz yo
Defining a variable	Defini yon varyab	39	1	Chwazi yon varyab epi yon kantite pou varyab la reprezante nan yon ekwasyon
Dependent event	Evènman depandan	397	8	De osnon plizyè evènman depandan si rezilta yon evènman afekte rezilta lòt evènman a osnon lòt evènman yo.
Dependent variable	Varyab depandan	518	11	Varyab ki asosye avèk imaj yon fonksyon
Diameter	Dyamèt	319	7	Distans ant de pwen sou yon sèk an pasan nan sant sèk la
Dilation	Omotesi	194	4	Transfòmasyon ki agrandi osnon redwi yon imaj nan matematik
Dimensional analysis	Analiz dimansyonèl	73	2	Pwosesis ki konsiste pou antre inite mezi yo lè nap fè kalkil
Dimensions	Dimansyon	454	9	Deskripsyon yon matris kote nonm liy ak nonm kolòn matris la parèt. Kantite liy matris la toujou parèt an pwemye. Pa ekzanp yon matri ski genyen 3 liy ak 5 kolòn, dimansyon li se $3 \times 5$
Discount	Rabè	238	5	Kantite lajan yo retire sou pri nòmal yon bagay
Division property of equality	Pwopriyete divizyon nan ekwasyon	50	1	Si nu divize de manb yon ekwasyon pa yon menm nonm, de manb rete egal
Domain	Domèn	518	11	Ansanm tout valè antre yon fonksyon
Edge	Arèt	331	7	Entèseksyon fas yon figi tridimansyonèl

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Element	Eleman	454	9	Chak nonm nan yon matris rele eleman matris la
Equation	Ekwasyon	13	1	Yon fraz matematik ki genyen yon siy egal , =
Equilateral triangle	Triyang ekilateral	263	6	Yon triyang ki genyen twa kote egal
Equivalent expressions	Ekspresyon ekivalan	469	10	Ekspresyon ki genyen menm valè kèlkeswa valè varyab la/yo
Evaluate	Evalye	11	1	Ranplase varyab yo ak nonm pou jwenn valè yo ekspresyon
Experimental probability	Pwobabilite eksperimantal	400	8	Sa ki pase an reyalyte nan yon evènman nan pwobabilite.
Exponent	Ekspozan	98	2	Nan yon pwisans, nonm fwa baz la sèvi tankou faktè. Nan $10^3$ , ekspozan se 3
Face	Fas	331	7	Yon sifas lat, kote osnon baz yon prism
Factorial	Faktoryèl	385	8	Ekspresyon $n!$ se pwodwi tout nonm antye depi $n$ jiska 1
Function	Fonksyon	517	11	Yon relasyon kote chak eleman nan ansanm sous la marye avèk ekzacteman yon eleman nan ansanm imaj la swivan yon règ byen determine
Function table	Tablo fonksyon	518	11	Yon tablo ki prezante ansanm sous la, règ la, epi ansanm imaj la
Fundamental counting principle	Prensip fondamantal denonbreman	381	8	Prensip sa itilize miltiplikasyon nonm fason chak evènmanan ka rive pou jwenn nonm rezilta posib nan inivè a.
Geometric sequence	Seri jeyometrik	513	11	Yon seri kote kosyan ant de tèm konsekitif se yon konstant
Half plane	Demiplan	548	11	Rejyon ki genyen solisyon yon inequasyon
Histogram	Istogram	420	9	Yon espès dyagram baton ki prezante frekans done yo nan entèval egal. Entèval yo kouvri tout valè done ka pran savledi pa genyen espas ant baton yo.
Hypotenuse	Ipoteniz	132	3	Kote ki an fas ang dwa nan yon triyang rektang

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Independent events	Enènman endepandan	396	8	De osnon plizyè evènman kote rezilta yon pa afekte rezilta lòt yo
Independent variable	Varyab endepandan	518	11	Varyab kin nan sanm sous yon fonksyon
Indirect measurement	Mezi endirèk	188	4	Teknik ki itilize pwopòsyon pou jwenn mezi yon bagay
Inequality	Inekwasyon	18	1	Yon fraz matematik ki genyen siy $<$ , $>$ , $\neq$ , $\leq$ , $\geq$ .
Integers	Antye relatif	17	1	Ansanm ki genyen tout nonm antye yo epi tout nonm opze nonm sa yonon ..., -3, -2, -1, 0, 1, 2, 3....
Interest	Enterè	241	5	Kantite lajann ou peye osnon ou fè lè pou itilize lajan
Interquartile range	Distans ant katil	442	9	Pòte mwatye done ki ant twazyèm epi katil. Diferans ant pi gran katil la epi pi piti katil la
Inverse operations	Operasyon envès	46	1	Pè operasyon yon defèt lòt. Adisyon ak soustraksyon se operasyon envès. Miltiplikasyon ak divizyon se operasyon envès.
Irrational number	Nonm irasyonèl	125	3	Nonm ki pa ka ekri sou fòm $a/b$ kote $a$ ak $b$ se antye relatif epi $b \neq 0$
Isosceles triangle	Triyang izosèl	263	6	Yon triyang ki genyen omwens de kote egal
Lateral area	Sifas lateral	352	7	Sòm sifas lateral fas yon pyramid
Lateral face	Fas lateral	352	7	Yon nan fas triyangilè yon pyramid
legs	Kote ang dwa	132	3	De kote ki fòm ang dwa nan yon triyang rektang
Like fractions	Fraksyon sanblab	82	2	Fraksyon ki genyen menm denominatè
Like terms	Tèm omològ	470	10	Tèm ki genyen menm varyab (yo)
Linear function	Fonksyon lineyè	523	11	Yon fonksyon kote grafik solisyon yo se yon liy dwat

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Line of reflection	Liy refleksyon	290	6	Liy ki sèvi pou fè imaj yon figi nan yon refleksyon.
Line of symmetry	Liy simetri	286	6	Liy ki divize yon figi an de mwatye kote yon se refleksyon lòt
Line symmetry	Simetri bilateral	286	6	Figi yon bò vini ekzakteman sou lòt la lè li pliye prezante yon simetri bilateral
Lower quartile	Pi piti katil	442	9	Medyann pwemye mwatye yon ansanm done
Markup	Benefis	238	5	Lajan pri yon machandise ogmante pa rapò pri magazen an peye pou li
Matrix	Matris	454	9	Yon ranjman rektangilèkote nonm yo dispoze an liy ak an kolòn
Mean	Mwayèn	435	9	Sòm nonm yon an yon ansanm done divize pa nonm done ki genyen nan ansanm
Measures of central tendency	Mezi tandans santral yo	435	9	Nonm osnon done ki ka reprezante tout ansanm done a
Measures of variation	Mezi varyasyon	442	9	Nonm yo itilize pou montre distribisyon osnon ki jan done yo epapiye
Median	Medyann	435	9	Nonm ki nan mitan yon ansanm done kin nan lòd. Si genyen yon nonm done ki pè, medyann la se mwayèn de done kin an mitan ansanm la
Mode	Mòd	435	9	Nonm osnon bagay kparèt pi souvan nan yon ansanm done
Monomial	Monòm	570	12	Yon nonm, yon varyab, osnon pwodwi yon nonm avèk yon osnon plizyè varyab
Multiplication property of equality	Pwopriyete miltiplikasyon nan ekwasyon	51	1	Si ou miltipliye chak manb yon ekwasyon pa yon menm nonm de manb yo rete egal.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Multiplicative inverse	Envès pou miltiplikasyon	76	2	Pwodwi yon nonm ak envès li pou miltiplkasyon se 1. Envès $\frac{2}{3}$ pou miltiplikasyon se $\frac{3}{2}$ .
Negative number	Nonm negatif	17	1	Yon nonm ki pi piti pase zewo.
Nonlinear function	Fonksyon non lineyè	560	12	Yon fonksyon ki pa genyen yon to varyasyon konstan. Grafik yon fonksyon non lineyè se pa yon liy dwat.
Numerical expression	Ekspresyon nimerik	11	1	Ekspresyon matematik ki se konbinezon nonm avèk omwen yon operasyon.
Obtuse angle	Ang obti	142	3	Yon ang ki mezire ant $90^\circ$ epi $180^\circ$ .
Obtuse triangle	Triyang obti	142	3	Yon triyang ki genyen yon ang obti.
Open sentence	Pwopozisyon	374	8	Yon ekwasyon ki genyen yon varyab ladan li.
Opposites	Opoze	443	9	De antye relative opoze lè yo reprezante sou dwat nimerik la pa de pwen ki genyen menm distans ant yo epi zewo men yon a dwat lòt la a gòch zewo. Sòm de nonm opoze bay zewo
Order of operations	Lò operasyon yo	257	6	Rè pou swiv lè genyen plis pase yon operasyon nan yon ekspresyon 1. Senplifye ekspresyon ki andedand senbòl groupnam yo. Kòmanse pa senbòl groupman ki fon yo 2. Evalue tout pwisans yo 3. Fè tout miltiplikasyon ak tout divizyon nan lòd de gòch a dwat 4. Fè adisyon ak soustraksyon nan lòd de gòch a dwat.
Ordered pair	Koup	273	6	De nonm ki sèvi pou plase yon pwen nan plan koòdone a. Koup la toujou ekri sou fòm (absis, òdone)
Ordinate	Òdone	216	5	Dezyèm nonm nan yon koup
Origin	Orijin	142	3	Pwen entèseksyon aks X epi aks Y nan plan katezyen an



<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Outcome	Rezilta	374	8	Yon nan bagay ki ka rive nan yon eksperyans nan pwobabilite. Pa ekzanp, 4 se yon nan rezilta nan jwèt zo.
Outlier	Done ò nòm	443	9	Done ki sitiye yon fwa edmi diferans ant katil
Parallel lines	Liy paralèl	257	6	Liy kin an yon menm plan pa janm kwaze. Senbòl    vle di paralèl
Parallelogram	Paralelogram	273	6	Kadrilatè ki genyen kote li yo paralèl epi egal dezade
Part	Pati	216	5	Nonm yap konpare avèk tout kantite a nan pousantaj pwopòsyon
Percent	Pousan	206	5	Yon rapò ki konpare yon nonm avèk 100.
Percent equation	Ekwasyon ak pousantaj	232	2	Yon fòm ekivalan pwopòsyon posantaj kote nonm decimal ranplase pousantaj yo.
Percent of change	Pousantaj chanjman	236	5	Rapò ki konpare chanjman yon kantite sibi avèk kantite original la
Percent of decrease	Pousantaj diminisyon	232	5	Pousantaj chanjman lè novo valè pi piti pase valè orijinal la
Percent of increase	Pousantaj ogmantasyon	236	5	Pousantaj chanjman lè novo valè pi gran pase valè orijinal la
Percent proportion	Pwopòsyon ak pousantaj	237	5	Li itilize pousantaj pou konpare yon pati yon kantite avèk tout kantite a $\text{Pati/baz}=\text{pousantaj}/100$
Perfect square	Kare pafè	237	5	Yon nonm rasyonèl rasin kare li se yon nonm antye. 25 se yon kare pafè paske rasin kare li se 5.
Permutation	Pèmitasyon	384	8	Yon aranjman osnon yon dispozisyon kote lòd la enpòtan.
Perpendicular lines	Liy pèpandikilè	257	6	De liy ki kwaze pouf òme ang dwa.
Pi	Pi $\pi$	319	7	Rapò ant sikonferans yon sèk epi dyamèt sèk la. Lèt grèk $\pi$ reprezante nonm sa. Valè $\pi$ se toujou 3,2614159
Plane	Plan	331	7	Yon sifas plat, bidimansyonèl ki pwolonge san fen nan tout direksyon. bidimansyonel

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Polygon	Poligòn	178	4	Figi plat senp twa osnon plis segman fòm
Polyhedron	Poliyèd	331	7	Yon solid ki genyen fas plat ki se poligòn
Polynomial	Polinòm	570	12	Yon ekspreson aljebrik ki genyen sòm osnon/ak pwodwi omwen de monòm
Population	Popilasyon	406	8	Group bagay osnon individi kote echantiyon yap konsidere a chwazi.
Powers	Pwisans	12	1	Nonm yo itilize ekspozan pou ekri. Pwisans reprezante multiplikasyon kap repete. Li $7^3$ tankou 7 pwisans 3 osnon 7 okib.
precision	Presizyon	358	7	Presizyon yon mezi depann de inite mezi a. Plis inite a piti plis mezi a presi
Principal	Manman lajan	241	5	Kantite lajan ki envesti osnon ki prete.
Principal square root	Rasin kare prensipal	117	3	Yon rasin kare pozitif
Prism	Prism	331	7	Yon poliyèd ki genyen de fas paralèl epi egal yo rele baz.
Probability	Pwobabilite	374	8	Chans yon evènman genyen pou li rive. Pwobabilite se rapònt nonm fason yon sèten evènman ka rive epi nonm tout rezilta posib.
Property	Pwopriyete	13	1	Yon pwopozisyon ki vre pou tout nonm.
Proportion	Pwopòsyon	170	4	Egalite de rapò.
Pyramid	Piramid	331	7	Yon poliyèd ki genyen yon baz ki se yon poligòn epi fas ki se triyang.
Pythagorean theorem	Teyorèm Pitagò	132	3	Nan yon triyang rektang kare longè ipoteniz la egal so +m kare longè kote ang dwa. $c^2 = a^2 + b^2$
Quadrants	Kadran	162	3	Kat rejyon de dwat nimerik pèpendikilè ki fòm plan katezyen an fòm
Quadratic functions	Fonksyon kwadratik	565	12	Fonksyon kote pi gran pwisans varyab la se 2
Quadrilateral	Kadriyatè	442	9	Yon polygon ki genyen kat kote epi kat ang

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Quartiles	Katil	116	3	Valè ki separe yon ansanm done an kat group ki genyen menm kantite done
Radical sign	Radikal	319	7	Senbòl ki sèvi pou montre rasinn kare ki pozitif la
Radius	Reyon	374	8	Distans ant sant yon sèk epi nenpòt kèl pwen sou sèk la
Random	Aleyatwa	442	9	Yon rezilta aleyatwa lè tout rezilta yo genyen menm chans pou yo sòti
Range	Pòte	518	11	Diferans ant pi gran epi pi pit done nan yon nsanm
Range	Domèn valè	442	9	Ansanm tout valè yon fonksyon ka pran
Rate	To	157	4	Rapò de mezi ki genyen inite diferan
Rate of change	To varyasyon	160	4	To ki dekri ki jan yon kantite chanje an relasyon avèk yon lòt
Ratio	Rapò	156	4	Konparezon ant de nonm yo itilize divizyon pouf è. Nou ka ekri rapò ant 2 epi 3 tankou 2 sou 3, 2:3, osnon $\frac{2}{3}$ .
Rational number	Nonm rasyonèl	62	2	Nonm nou ka ekri sou fòm a/b, kote a ak b se antye relative epi $b \neq 0$ .
Real number	Nonm reyèl	125	3	Inyon ansanm nonm rasyonèl ak ansanm nonm irasyonèl
Reciprocals	Resipwòk	76	2	De nonm pwodwi yo bay 1. Envès pou miltiplikasyon.
Rectangle	Rektang	273	6	Paralelogram ki genyen ka tang dwa
Reflection	Refleksyon	29	6	Yon transfòmasyon kote yon figi tounen otou yon liy.
Repeating decimal	Devlopman decimal peryodik	63	2	Yon nonm decimal kote pati decimal la se repetisyon yon osnon plizyè chif.
Rhombus	Losanj	273	6	Paralogram ki genyen kat kote egal
Right angle	Ang dwa	256	6	Ang ki mezire $90^\circ$ .
Right triangle	Triyang rektang	132	3	Yon triyang ki genyen yon ang dwa.
Rise	Elevasyon	167	4	Chanjman vètkial ant de pwen sou yon liy.
Rotation	Rotasyon	300	6	Yon transfòmasyon koteyon figi vire osnon tounen otou yon pwen fiks.

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Rotational symmetry	Simetri rotasyonèl	287	6	Yon figi prezante simetri rotasyonèl so lè li fè yon rotasyon pi piti pase 360° otou sant rotasyon a li sanble avèk figi original la.
Row	Liy	454	9	Nan yon matris nonm ki dispose yon bò kote lòt orizontalman fòme yon liy.
Run	Kous	166	4	Chanjman orizontalant de pwen sou yon liy.
Sample	Echantiyon	408	8	You group done yo chazi aleyatwaman pou rasanble done.
Sample space	Inivè	174	8	Ansanm tout rezilta posib nan yon eksperyans nan pwobabilite.
Scale	Echèl	184	4	Rapò ant yon longè done sou yon desen osnon yon makèt epi vrè longè korespondan.
Scale drawing	Desen a lechèl	184	4	Yon desen sanblab ak objè reyèl la men ki swa pi gran swa pi piti.
Scale factor	Factè dechèl	179	4	Rapò longè de kote omològ nan de poligòn sanblab.
Scale model	Makèt	184	4	Yon replik yon original ki saw twògran swa twò piti pou reprezante avèk vre dimansyon li.
Scalene triangle	Triyang kèlkonk	263	6	Yon triyang ki pa genyen okenn kote egal.
Scatter plot	Dyagram dispèsyon	539	11	Yon grafik ki montre relasyon ant de ansanm done.
Scientific notation	Notasyon syantifik	104	2	Yon fason pou ekri nonm tankou pwodwi yon nonm ki pi gran pase 1 men ki pi piti pase 10 ak yon pwisans 10. Nan notasyon syantifik, 5500 se $5.5 \times 10^3$ .
Selling price	Pri vant	238	5	Pri kliyan yo peye pou yon bagay.
Sequence	Seri	512	11	Yon list nonm kin an yon lòd done tankou 1, 2, 3 osnon 2, 4, 6, 8.
Significant digit	Chif siyifikatif	358	7	Toutchif nan yon mezi nou si ekzak ^plis yonchif ke se yon estimasyon.
Similar	Sanblab	178	4	Poligòn ki genyen menm fòm rele poligòn omològ
Simple event	Evènman senp	374	9	Yon rezilta espesefik osnon yon jan de rezilta.
Simple random sample	Echantiyon aleyatwa senp	406	8	Yon echantiyon kote chak bagay osnon chak moun genyen menm kantite chans pou yo chwazi li.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Simplest form	Fò redwi	471	10	Yon ekspresyon aljebrik ki pa genyen okenn tèmsanblab epi ki pa genyen parantèz
Simplifying the expression	Senplifye yon ekspresyon	471	10	Itilize pwopriyete pou konbine tèmsanblab yo.
Slant height	Longè swivan pant	352	7	Altitud osnon wotè chak fas lateral yon pyamid.
Slope	Pant	166	4	To varyasyon nat de pwen sou yon liy. Rapò ant chanjman vètikal epi chanjman orizontal.
Slope formula	Fòmil pant	526	11	Pant $m$ yon liy ki pase nan de pwen se rapò diferans ant òdone de pwen yo epi diferans absis de pwen yo. $m = \frac{Y_2 - Y_1}{X_2 - X_1}$
Slope-intercept form	Fòm kanonik	533	11	Ekwasyon sou fòm $y = mx + b$ kote $m$ se pant la epi $b$ se òdone nan orijin
Solid	Solid	331	7	Yon figi tridimansyonèl entèseksyon plizyè plan fòm
Solution	Solisyon	45	1	Valè varyab la ki verifye ekwasyon an. Solisyon $10 + y = 25$ se 15.
Solve	Rezoud	45	1	Jwenn valè varyabki verifye ekwasyon an
Square	Kare	273	6	Yon paralelogram ki genyen kat kote egal epi ka tang dwa.
Square root	Rasin kare	116	3	Yon nan de menm faktè yon nonm genyen. Si $a^2 = b$ , alò $a$ se rasin kare $b$ . Yon nan rasin kare 144 se 12 pwiske $12^2 = 144$ .
Straight angle	Ang pla	256	6	Yon ang ki mezire $180^\circ$ .
Stratified random sample	Echantiyon aleyatwa stratifye	406	8	Yon metòd pou chwazi echantiyon kot yo divize popilasyon po fòm group ki sanblab men ki pa genyen entèseksyon. Yo chwazi yon echantiyon aleyatwa nan chak group.
Substitution	Ranplasman	545	11	Yon metòd ki sèvi pou rezoud sistèm ekwasyon kote yo ranplase yon nan ekwasyon nan yon lòt.

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Subtraction property of equality	Pwopriyete soustraksyon nan ekwasyon	45	1	Si nou retire yon menm nonm nan de manb yon ekwasyon, de manm yo rete egal.
Supplementary angles	Ang siplemantè	256	6	De ang siplemantè le sòmmezi yo egal 180°.
Surface area	Sifas total	347	7	Sòm sifas tout fas yon figi tridimansyonèl.
Systematic random sample	Echantiyon aleyatwa sistematik	406	8	Yon metòd pou seleksyone echantiyon kote yo chwazi bagay yo osnon moun yo swivan yon lè byen detèmine osnon yon entèval.
System of equations	Sistèm ekwasyon	544	11	Yon ansanm de osnon plizyè ekwasyon yo ki pou verifye an menm tan.
Term	Tèm	470	10	Yon nonm, yon varyab, osnon pwodwi nonm ak varyab
Term	Tèm	512	11	Yon nonm nan yon seri.
Terminating decimal	Devlopman decimal fini	63	2	Yon nonm ki genyen yon pati decimal ki genyen yon nonm chif detèmine. Tout nonm ki prezante yon devlopman decimal fini ka ekri tankou yon fraksyon ki genyen yon denominatè ki swa 10, swa 100, swa 1000 etc.
Theoretical probability	Pwobabilite teyorik	400	8	Pwobabilite ki baze sou karakteristik koni osnon sou fè koni.
Transformation	Transfòmasyon	290	6	Mouvman yon figi jewometrik
Translation	Translasyon	296	6	Yon jan transfòmasyon kote yon figi glise swa orizantalman, swa vètikalman swa tou de jan yo.
Transversal	Liy transvèsal	258	6	Liy ki kwaze de liy paralèl pouf òme 8 ang
Trapezoid	Trapèz	273	6	Yon kadriyatèki genyen ekzakteman yonb pè kote opoze paralèl
Tree diagram	Dyagram pye bwa	380	8	Yon diagram ki sèvi pou montre tout rezilta posib nan yon evènman nan pwobabilite.
Triangle	Triyang	262	6	Yon figi ki fòme avèk twa segman ki kwaze sèlman nan ekstremitè yo

<b>Glossary Term</b>	<b>Tèm kreyòl</b>	<b>Paj</b>	<b>Chapit</b>	<b>Definisyon</b>
Two-step equation	Ekwasyon de etap	475	10	Yon ekwasyon ki genyen de operasyon.
Unbiased sample	Echantiyon non byeze	406	8	Yon echantiyon ki chazi pou reprezante tout popilasyon an.
Unit rate	To initè	157	4	To ki genyen yon denominatè egal.
Unlike fractions	Fraksyon disanblab	88	2	Fraksyon ki genyen denominatè diferan
Upper quartile	Twazyèm katil	442	9	Medyann dezyèm mwatye yon ansanm done. Li reprezante pa TK.
Variable	Varyab	11	1	Yon senbòl, an jeneral, yon lèt ki ranplase yon nonmnan yon ekspresmatematik osnon nan fraz matematik.
Vertex	Somè	331	7	Somè yon prism se pwen kote omwens twa plan kwaze
Vertical angles	Ang opoze pa somè	256	6	Andg ki fòme pa entèseksyon de liy .Ang opoze pa some egal. Nan figi a, ang opoze pa somè se ang $\angle 1$ ak $\angle 3$ epi $\angle 2$ ak $\angle 4$ .
Volume	Volim	335	7	Kantite inite kibik nesesè pou ranpli espas yon solid okipe
Voluntary response sample	Echantiyon repons volontè	407	8	Echantiyon ki genyen sèlman moun ki vle patisipe nan echantiyonaj la.
$x$ -axis	Aks X	142	3	Dwat nimerik orizontal nan yon .plan katezyen
$x$ -coordinate	Absis	142	3	Pwemye nonm nan yon koup.
$x$ -intercept	Entèseksyon avèk aks X	523	11	Valè $x$ lèliy la kwaze aks X la
$y$ -axis	Aks Y	142	3	Dwat nimerik vètikal nan plan katezyen a.
$y$ -coordinate	Òdone	142	3	Dezyèm nonm nan yon koup.
$y$ -intercept	Òdone nan orijin	523	11	Valè $y$ lè grafik la kwaze aksY la